



Massachusetts  
Department of  
Environmental  
Protection

Massachusetts  
Department of  
Environmental  
Protection  
100 Cambridge Street  
Suite 900  
Boston, MA 02114

Commonwealth of  
Massachusetts

Executive Office of  
Environmental Affairs

Department of  
Environmental  
Protection

Produced by the  
Bureau of Air & Waste  
January 2023.

This information is  
available in alternate  
format by calling our  
ADA Coordinator at  
(617)626-1282.



## fact sheet

# Ki sa ki entèdiksyon fatra nan Massachusetts la?

### Poukisa Massachusetts genyen entèdiksyon fatra?

Entèdiksyon fatra ede ogmante resiklaj ak sipòte ekonomi resiklaj la, ki bay plizyè milye travay ak plizyè milyon dola nan aktivite ekonomik nan Massachusetts. Lè nou redwi anilasyon matyè entèdi yo, nou tou kaptire resous valab yo, redwi emisyon gaz a efè tèmik, ekonomize enèji, epi redwi bezwen nou pou dechaj yo ak ensineratè yo.



### Ki matyè yo entèdi nan eliminasyon?

- Resipyen vè, metal ak plastik (boutèy, bwat, po, krich ak benwa)
- Papye, papye pwès, ak katon
- Fèy, zèb ak bwousay (mwens pase 1 pou an dyamèt)
- Gwo aparèy tankou frijidè, frizè, recho, machin pou lave, ak sechwa
- Kawotchou
- Tib reyon katòd (pi ansyen televizyon ak monitè òdinatè)
- Batri machin yo
- Materyo konstriksyon ki gen ladan revètman asfalt, brik, beton, metal, bwa, ak pano jips pwòp
- Matyè manje (sèlman nan antrepriz oswa enstitisyon ki elimine yon ½ ton oswa plis pa semèn.
- Matla
- Tekstil

### Kisa sa vle di pou rezidan yo?

Pifò matyè entèdiksyon fatra yo kolekte atravè pwogram regilye koleksyon minisipal oswa depo. Nan kèk ka, patikilyèman ak pi gwo objè tankou tib reyon katod oswa aparèy, matyè yo kolekte nan koleksyon separe oswa evènman depo. Nan lòt ka, detayan yo ka kolekte matyè tankou batri machin, kawotchou, ak tib reyon katod yo.

Pou rezidan ki resevwa sèvis koleksyon prive (pa atravè vil ou oswa vilaj ou a), mande founisè sèvis ou a pou opsyon resiklaj. Ou ka verifye tou pou lòt opsyon resiklaj la a : <http://www.mass.gov/eea/agencies/massdep/recycle/reduce/>.

### Pou plis enfòmasyon sou entèdiksyon fatra yo gade :

<http://www.mass.gov/eea/agencies/massdep/recycle/solid/massachusetts-waste-disposal-bans.html>